



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU ENSTALASYON JWÈT AZA YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 4 septanm 2020

Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwovizwa pou COVID-19 pou Enstalasyon Jwèt Aza yo") pou ka bay pwopriyetè/operatè enstalasyon jwèt aza yo ak anplwaye, antrepriz, machann, ak kliyan yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Enstwiksyon sa ap antre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Enstalasyon jwèt aza yo dwe gen ase anplwaye ki disponib pou asire konfòmite avèk konsèy sa ke Eta bay la. Konsèy pwovizwa sa a sijè a chanje pliske Komisyon Jwèt (Gaming Commission) Eta New York travay sere ak depatman sante lokal yo pandan re-ouvèti a pou siveye ak ranfòse konfòmite pwopriyetè/operatè enstalasyon jwèt aza yo ak konsèy sa a, ak evalye kondisyon sante piblik la ki asosye ak re-ouvèti enstalasyon jwèt aza yo, ki gen ladan nenpòt ki chanjman nan transmisyon COVID-19. Lòske direktiv sa yo antre an konfli ak kondisyon lisans Komisyon yo, oswa ak Sistèm Kontwòl Entèn ke Komisyon an apwouve, direktiv sa yo dwe pran priyorite.

Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Restoran ak ba nan nenpòt enstalasyon jwèt ki pa sitiye nan etaj jwèt la dwe swiv direktiv ki endike nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Food Services During the COVID-19 Public Health Emergency) Depatman Sante (Department of Health, DOH) a depi ke, sepandan, **sèvis alimantè alenteryè rete entèdi nan Vil New York, apati moman piblikasyon konsèy sa a.** Enstalasyon jwèt yo enplike tou yon varyete aktivite e yo ta dwe fè referans a direktiv espesifik pou sektè a ke DOH bay, epi ki disponib sou sit entènèt New York Forward la, pou operasyon aplikab yo. Magazen yo vann an detay oswa magazen kado nan nenpòt enstalasyon jwèt dwe swiv direktiv ki dekri nan "Konsèy Pwovizwa pou Aktivite Biznis ki Vann an Detay ki Esansyèl yo epi ki nan Faz II a Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Aktivite ki baze nan biwo yo nan nenpòt enstalasyon jwèt dwe swiv konsèy ki dekri nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Travay Ki Baze nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Office-Based Work During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Sant jimnastik ak kondisyonman fizik nan nenpòt enstalasyon jwèt dwe swiv enstwiksyon ki dekri nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Gyms and Fitness Centers during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Tanpri sonje ke konsèy sa a pa aplike pou lòt kalite aktivite ki pa jwèt nan lokal etablisman an, ki gen ladan men pa limite a akomodasyon ak sal espektak, ki dwe opere an akò avèk konsèy aktyèl la ak pwochen konsèy ke eta ap bay la. **Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk nan enstalasyon jwèt yo ki gen lisans eta a jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espektak la.**

Konsèy sa yo se jis egzijans minimòm e pwopriyetè/operatè nenpòt enstalasyon jwèt lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou

konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Antite ki Responsab yo – jan yo defini anba la a – gen responsabilite pou yo adere a tout kondisyon lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak enstalasyon jwèt yo. Antite ki Responsab yo responsab tou pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, epi tou enkòpore yo nan nenpòt enstalasyon jwèt yo ak/oswa nenpòt Plan Sekirite Espas yo.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#) (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.6](#), pou mande tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa [enstwiksyon](#) Kòporasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante a (Department of Health, DOH) ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), pou mande biznis ki esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon mask pou kouvri figi yo, gratis, ke yo dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm popilasyon an pandan yo nan travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), pou otorize operatè/pwopriyetè biznis yo gen mwayen pou yo refize kite rantrè moun ki pa mete mask pou kouvri figi yo oswa ki pa respekte kondisyon mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York pa faz ki baze sou yon analiz rejonan an fonksyon done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te [pèmèt](#) pou analiz rejonan la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejon New York, baze sou mezi ak endikatè rejonan ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò alèt rapid k'ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzamine kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) ke twazyèm faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen 2020 nan divès rejon New York. Nan dat 24 jen 2020, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) ke plizyè rejon nan eta a te sou pwèn pou antre nan katyèm faz re-ouvèti a apati 26 jen 2020. Nan dat 20 jiyè 2020, tout rejon nan New York, ki gen ladan Vil New York, te [rive](#) nan katyèm faz re-ouvèti Eta a.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo dwe kontinye respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri remake ke kote enstwiksyon ki nan dokiman sa a diferan de lòt enstwiksyon ki nan lòt dokiman ke Eta New York te pibliye yo, yo ta dwe aplike enstwiksyon ki pi resan an.

Nòm pou Eksplwatasyon Enstalasyon Jwèt Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite jwèt oswa lòt aktivite ki pwodui nan etaj jwèt la ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite jwèt ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Pwopriyetè/operatè instalasyon jwèt la, oswa yon lòt pati jan ke pwopriyetè/operatè etablisman jwèt la deziyen (nan nenpòt ka, "Pati ki Responsab yo") pral responsab pou satisfè nòm sa yo.

Nan objektif direktiv sa a, referans a "anplwaye yo" enkli antreprenè, ak machann yo ki travay nan yon enstalasyon jwèt.

Enstwiksyon nou pral site la yo òganize an twa kategori diferan: moun yo, espas yo, ak pwosesis yo.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Antite ki Responsab yo dwe asire ke prezans mendèv ak kliyan yo limite a pa pi plis pase 25% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo, enkli anlwaye yo ak kliyan yo, yo dwe sèlman pèmèt tou de antre nan etablisman jwèt la si yo mete yon kouvri figi yo yon fason akseptab epi yo dwe kouvri figi yo tout tan, eksepte pou verifikasyon laj pandan y'ap rantre, depi ke kliyan kapab tolere medikalman kouvèti figi sa a.
 - Kòm kouvèti figi ka poze risk sekirite, konfòmite, ak risk verifikasyon laj, e yo ka egziltout kliyan yo pou yo bese kouvèti figi yo lè yo ap antre nan yon enstalasyon jwèt pou enstalasyon an ak/oswa nenpòt anlwaye ka verifiye idantite moun nan epi konpare ak nenpòt ki metòd idantifikasyon apwopriye, si sa nesèsè. Kliyan an dwe omwen a sis pye distans de tout lòt moun yo pandan tan sa a.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo kenbe yon distans omwen sis pye ant moun yo, ki gen ladan anlwaye ak kliyan yo, epi san konte kliyan ki se manm menm kay oswa pati a, tout tan, sòf si sekirite oswa aktivite debaz la egzije yon distans ki pi kout (egzanp, operasyon an kaj, deplase ekipman).
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout moun, enkli anlwaye yo ak kliyan yo, mete kouvèti vizaj ki akseptab tout tan; depi ke yo kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa a.
 - Mask pou kouvri figi ki akseptab pou COVID-19 yo enkli men yo pa sèlman mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo ak mask yo ka jete ki kouvri alafwa nen ak bouch yo.
 - Sepandan, mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo, ke yo ka jete, oswa ke yo fè lakay yo pa mask pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay yo ki nòmalman mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) akoz

modèl travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon [konsiy OSHA yo](#).

- Yo dwe aplike egzijans kouvèti vizaj la nan yon fason ki konsistan avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act, ADA) federal la ak Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta ak Vil New York, jan sa aplikab.
- Antite ki Responsab yo ka modifiye itilizasyon ak/oswa limite kantite espas travay yo ak espas kote anplwaye yo chita, pou ke anplwaye yo ka a omwen sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzanzp, kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje espas travay yo san yo pa netwaye oubyen dezenfekte yo apre yo fin itilize yo. Lè distans yo pa posib ant espas travay yo, Pati Responsab yo kapab adopte baryè fizik (egzanzp, mi pwoteksyon an plastik) nan zòn kote yo pa ta ka afekte fliks lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon, oswa prezante yon risk sante oswa risk sekirite (egzanzp, risk sòti ijans).
 - Pati Responsab yo ta dwe enstale baryè fizik ant kliyan yo ak operatè kaj yo.
 - Si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo konfòmman a [enstwiksyon OSHA yo](#).
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan rido an band, kabin, pleksiglas oswa materyèl ki ka netwaye ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon espas ki ki piti yo (egzanzp, asansè yo, sal anplwaye yo, deyè kès anrejistrez yo) pa plis pase yon moun alafwa. Sepandan, kantite moun ki nan espas la pa dwe janm depase 25% kapasite maksimòm espas oswa veyikil la, amwens ke li te kreye pou yon sèl moun itilize li. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan espas sa yo nan pi wo nivo posib (egzanzp, ouvri fenèt ak pòt), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou anpeche kongregasyon nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt yo itilize eskalye yo.
- Pati ki Responsab yo ta dwe konsidere fèmèn nenpòt zòn syèj komen entèn. Nan limit kote espas sa yo rete ouvè, Pati Responsab yo dwe modifiye aranjman zòn syèj yo (eg, chèz, tab) pou asire ke moun yo oswa gwoup kliyan yo a omwen sis pye apa nan tout direksyon (egzanzp, kòt a kòt ak lè yo fas a fas youn ak lòt).
- Pou kontwa pari espò yo, Pati Responsab yo dwe delimitè distans omwen sis pye pou fè kliyan pran liy, epi Pati Responsab yo dwe enstale yon baryè (pa egzanzp pleksiglas oswa materyèl ki similè), an akò avèk [direktiv OSHA yo](#), ant kliyan yo ak moun ki sou kontwa yo. Yo dwe fèmèn fenèt yo jan sa nesèsè pou pèmèt distans sis pye ant moun yo.
- Pati Responsab yo dwe asire aranjman nan machin a santim aktif ak lòt machin jwèt yo, ki gen ladan kyosk pari espò yo, pèmèt distans omwen sis pye nan tout direksyon ant kliyan yo, oswa, altènativman, enstalasyon an baryè fizik ant machin sa yo. Distans yo ka aplike atravè machin an mouvman fizikman oswa nan dezaktive machin yo, kote sa nesèsè.
 - Pati Responsab yo ka enstale baryè fizik an akò avèk [direktiv OSHA yo](#), ant machin santim yo antanke yon altènatif ki apwopriye.
- Yo pèmèt vèsyon elektwonik jwèt tab pou jwè endivisyèl (egzanzp, woulèt elektwonik, pokè videyo), depi yo ka kenbe sis pye distans ant kliyan yo nan tout direksyon, oswa yo enstale baryè fizik ant kliyan yo, e depi ke yo swiv tout pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Yo otorize jwèt tab yo (egzanzp, pokè, krap, blakdjak), depi ke Pati Responsab yo respekte pwotokòl ak tout lòt kondisyon ki aplikab yo founi nan konsèy sa a:
 - Tab yo dwe omwen a distans sis pye youn ak lòt, epi ranje pou kliyan yo ki nan tab adjasan yo kenbe distans sosyal sis pye;

- Kliyan ki nan yon tab endividyèl dwe separe de tout lòt kliyan tou tab la pa baryè fizik (egzanp, pleksiglas) ki apwouve pou itilize pa Komisyon Jwèt Eta New York la;
 - Si sa posib, yo ka retire pozisyon oswa chèz otou tab yo pou fasilite distans sosyal ak akomode enstalasyon baryè fizik yo, men baryè yo toujou obligatwa.
 - Pou jwèt san chèz yo (egzanp, krap), yo dwe make yon entèval sis pye alantou deyò tab la pou asire moun rantre soti yon fason ki distanse sosyalman otou tab la, epi yo dwe enstale baryè fizik pou separe kliyan yo youn ak lòt;
 - Yo pa pèmèt rasanbleman kliyan/espektatè ki p'ap jwe sou tab la oswa alantou tab la nan moman sa a. Sepandan, manm yo ki nan menm pati a ka kanpe ak jwè a depi ke gen baryè ki kontinye separe moun ki p'ap jwe yo ak nenpòt lòt jwè ki pa nan menm pati a.
 - Pèsonèl sekirite, dilè, ak lòt anplwaye yo dwe ranfòse distans sosyal ant kliyan yo epi gaye rasanbleman yo lè yo fòme yo;
 - Dilè yo dw enfòme pèsonèl sekirite yo imedyatman si gen yon rasanbleman k'ap fòme, oswa si patisipan yo pa respekte egzijans distans sosyal yo (pa egzanp, yon kliyan anpyete sou espas yon lòt kliyan deyò yon baryè).
 - Yo dwe enstale baryè fizik tou ant dilè ak kliyan yo, menm si distans sis pye a posib;
 - Yo dwe ranplase dilè yo nan jwèt la ak bay lòt dilè yo poz vèbalman, olye pou yo "touche yo"; epi
 - Kèlkeswa kote sa posib, jwèt yo dwe rekonfigire pou minimize kantite fwa kliyan yo dwe manyen kat yo (pa egzanp, lè yo sèvi avèk "fas vizib" nan blak djak), epi yo pa dwe janm pèmèt kliyan yo manyen kat yon lòt kliyan.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè etablisman jwèt la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Antite ki Responsab yo ka devlope epi itilize afichaj espesifik ki pèsonalize yo nan espas oswa etablisman travay yo, a kondisyon ke afichaj sa a konsistan ak afichaj Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou l:
 - Rete lakay ou si yo malad.
 - Kouvri nen yo ak bouch yo ak yon mask pou kouvri figi yo toutan.
 - Mete yo an karantèn si dènyèman yo te nan yon eta ki gen gwo transmisyon kominotè COVID-19, dapre [avi vwayaj](#) DOH la.
 - Byen sere ak, jete PPE, lè sa nesèsè.
 - Respekte règ sou distans sosyal yo.
 - Rapòte sentom, oswa ekspozisyon a COVID-19 yo, ak jan pou yo fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men, ak netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Swiv ijyèn respiratwa apwopriye ak etikèt tous.

B. Rasanbleman nan Espas Fèmen yo

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon anplwaye yo, nan sal poz yo, sal depo yo) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe konsidere itilize lòt metòd tankou pou rankont yo konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstriksyon CDC pase nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèvansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi

asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo chita nan chèz altène).

- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal lè y'ap limite kantite moun ki okipe espas yo oswa fèmen enstalasyon ki pa esansyèl yo ak espas kolektif yo ki pa pèmèt yo respekte pwotokòl distans sosyal yo. Si yo ouvri yo, Antite ki Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men oswa sèvyèt dezenfektan yo disponib bò kote ekipman ki tou pre enstalasyon sa yo (pa egzanp, distribitè otomatik yo, machin kafe kolektif yo).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egzanp, siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo ka aplike pi bon pratik pou twalèt komen yo ki gen ladan, men pa limite a:
 - enstalasyon baryè fizik ant twalèt yo ak lavabo yo, distribitè savon/papye ijyenik, si sis pye separasyon an pa posib; ak
 - sèvi ak distribitè papye ijyenik n kontak sanan plas sechwa lè.
- Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou jwèt ak anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou tout rasanbleman (egzanp, pandan poz kafe yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo).
- Limite nenpòt rasanbleman sosyal nan espas evènman ki separe de zòn jwèt yo nan etablisman jwèt la (pa egzanp, fèt yo nan sal evènman yo oswa sal bal yo) a mwens pase limit rasanbleman sosyal Eta a, ki se 50 oswa mwens moun nan piblikasyon konsèy sa a, oswa 25% kapasite maksimòm espas la.

C. Aktivite nan Espas Travay la

- Antite ki Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl yo, apati metòd tankou:
 - limite prezans an pèsòn a sèlman manm pèsònèl ki gen nesesis pou yo sou plas;
 - ajiste orè lye travay la;
 - redwi mendèv ki sou plas la pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - klase aktivite pa gwoup, kote sa posib, pou anplwaye yo ka konfòme yo ak distans sosyal; ak/oswa
 - devlope pwotokòl pou itilize ekipman biwo pataje san danje tankou telefòn, machin fotokopi, enprimant, anrejistrez, elatriye.
- Pati Responsab yo ta dwe ajiste lè eksplwatasyon yo si nesesis pou pèmèt pwosesis netwayaj ak dezenfeksyon amelyore.
- Pati Responsab yo ka eksplwate etablisman an 24 sou 24, 7 jou sou 7, men asire ke tout zòn ak ekipman nan enstalasyon jwèt yo byen netwaye ak dezenfekte omwen yon fwa chak jou, epi byen netwaye ak dezenfekte zòn ak ekipman yo touche anpil yo pi souvan, epi an nakò avèk estanda yo etabli anba yo.

D. Mouvman ak Kòmès

- Antite ki Responsab yo dwe siveye ak kontwòle fliks sikilasyon kliyan ak anplwaye k'ap antre, ak ki anndan enstalasyon jwèt la pou garanti respè egzijans maksimòm yo sou kantite moun yo ak distans sosyal la.
 - Antite ki Responsab yo dwe kenbe prezans anplwaye oswa sekirite ki sifizan pou siveye trafik sikilasyon yo epi pou asire ke gwoup moun yo respekte limitasyon distans sosyal yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe entèdi rasanbleman ak pwomnad kliyan yo epi kenbe prezans anplwaye oswa sekirite ki sifizan, ki enkli anboche pèsònèl adisyonèl, pou ka elimine rasanbleman ak pwomnad kliyan yo.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egzanp, kaj kazino yo, antre asansè yo, antre ak sòti enstalasyon jwèt yo, estasyon pou tcheke antre/sòti, pòs depistaj).
 - Kote sa posib, mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon a sans inik.
 - Pati Responsab yo dwe make zòn yo sis pye distans nan zòn ki ankonbre anpil yo (pa egzanp, zòn syèj komen nan sal resepsyon yo, twalèt, oswa kote yo nan liy nan kaj kazino yo).
- Pati Responsab yo ta dwe endike byen klè antre ak sòti ki separe, kote sa posib.
- Pati Responsab yo dwe prepare yo pou mete kliyan yo nan liy deyò pandan y'ap toujou kenbe distans fizik enkli atravè itilizasyon siyal vizyèl ak/oswa aparèy pou kontwòle liy (egzanp, etanson, mak pou distanse liy, flèch).
- Pati Responsab yo ta dwe fè aranjman espas pou kliyan yo ret tann (egz: liy, espas paking) pou ogmante distans sosyal pami kliyan yo epi diminye entèraksyon ak lòt moun nan espas la.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (eg, deziyen yon sòti pou moun yo k'ap kite anstalasyon jwèt la ak yon antre separe pou moun k'ap antre yo) ak mouvman yo (egzanp, anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon pa yo toutotan sa posib).
 - Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo pou (1) jere fliks sikilasyon andan enstalasyon jwèt la ak pou kontwòle limit okipasyon/kapasite ak (2) fasilite depistaj sante jan yo dekri anba a pandan y'ap rete an konfòmite ak règleman sou sekirite kont ensandi ak lòt règleman ki aplikab yo.
 - Pati Responsab yo dwe devlope yon plan pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y'ap fè liy anndan oswa andeyò enstalasyon jwèt la pou tèks depistaj, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib
- Pou livrezon, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan kab machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, o minimòm, yon kouvèti vizaj pou pèsònèl ki enplike nan livrezon an san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo pratike ijyèn men anvan ak apre yo transfere yon chay (egzanp, ki sòti nan men yon chofè livrezon) machandiz oswa ekipman (egzanp, pratike ijyèn men

anvan yo kòmanse chaje atik yo; epi yon fwa ankò lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa pratike ijyèn men ankò).

- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje itilizasyon opsyon pèman san kontak oswa peye davans, lè sa disponib. Pati Responsab yo ta dwe diminye manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, kote sa posib.
- Pati Responsab yo dwe:
 - Fèmen tout zòn syèj oswa machin kote yo pa ka kenbe distans sosyal sis pye a;
 - Fèmen nenpòt sèvis manje ak bwason nan etaj jwèt la; epi
 - Amelyore prezans oswa sekirite anplwaye yo pou ranfòse limit kantite moun maksimòm nan ak sou tay rasanbleman yo, jan sa nesèsè.

II. ESPAS YO

A. Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo

- Pati Responsab yo dwe asire filtrasyon sistèm HVAC santral la reponn ak filtrasyon ki pi eleve ki konpatib ak sipò filtè a ak sistèm tretman lè ki aktyèlman enstale, o minimòm MERV-13, oswa ekivalan oswa pi plis a endistri a (egzanp, HEPA), jan sa aplikab, ak jan sa sètifye ak dokimante pa yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York.
 - Pati Responsab yo ka konsidere tou pou adopte pwotokòl adisyonèl sou vantilasyon ak reduiksyon filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, patikilyèman pou batiman ki gen plis pase 15 ane, tankou:
 - Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
 - sele bò filtè a pou limite pasaj;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an si sa posib;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Poi enstalasyon ki pa ka jere nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis), Pati Responsab yo dwe gen yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen

lisans pwofesyonèl New York ki sètifye epi dokimante ke sipò filtè ki aktyèlman enstale a pa konpatib ak nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis) ak/oswa sistèm tretman lè a pa ta kapab an mezi pou fonksyone nivo minimòm chofaj ak refwadisman ke li te otreman kapab founi anvan ijans sante piblik COVID-19 la si yo te enstale yon degre filtrasyon elve konsa (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis). Pati Responsab yo ta dwe mande tou pou pwofesyonèl la dokimante ekipman ki asosye a, manèv, ak depans ki ta dwe enplike nan amelyore sistèm yo pou jere nivo filtrasyon MERV-13 oswa pi gwo nivo. Anplis, Pati Responsab yo dwe konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante eta oswa lokal yo revize pou opere nan yon to filtrasyon ki pi piti ki pa mwens pase MERV-11 oswa MERV-12 ak pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl.

- Anplis de sa, Pati Responsab yo ki gen etablisman ki gen yon sistèm tretman lè santral ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa pi plis dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon [CDC](#) ak [ASHRAE](#) yo, tankou:
 - Pèfòme retwo komisyonin nesese nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesese;
 - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
 - sele bò filtè a pou limite pasaj;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
 - Enstale iradyasyon jèmisid ultravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Anvan okipan yo retounen nan yon batiman ki te fèmen totalman, Antite ki Responsab yo dwe konplete verifikasyon, travay, ak evalyasyon nan sistèm batiman yo anvan retou yo pou kapab asire yon anviwònman ki bon pou sante epi ki sekirize. Sistèm sa yo gen pami yo, men pa sèlman, sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm HVAC yo.
 - Depandaman de longè tan depi lè ekipman yo te inaktif, Antite ki Responsab yo dwe lanse sistèm yo ak obsèvasyon atantif pou asire ke machin yo (egzanp, tib ak entèripte yo) ap fonksyone kòrèkteman.
 - Li ka nesese pou pran mezi espesifik pou sistèm yo pou ka relanse sistèm yo apre yo te fèmen pandan lontan. Antite ki Responsab yo ka detèmine nesosite pou chak atik sa yo baze sou longè dire tan yo te fèmen yo ak kondisyon yo lè yo enspekte yo.
 - Jan ki apwopriye epi aplikab, Antite ki Responsab yo ta dwe ranpli batiman an ak lè fre baze sou konsèp sistèm tretman lè yo pandan yon peryòd 24 èdtan minimòm.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo ranplase sistèm tretman lè yo jan sa nesese (pa egzanp, apre yo fin ranpli batiman an).
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo te fè mentnans ak siveyans ekipaj rafrechisman yo konfòmman a règleman eta yo epi ke nivo pwodwi chimik ak mikwòb yo nan nivo ke yo te etabli

pou nenpòt sistèm dlo ki fèmen ak/oswa enstalasyon dlo yo, epi seche nenpòt aparèy ki ta ka gen dlo dòmi ladan yo.

- Antite ki Responsab yo dwe vide sistèm dlo frèt ak dlo cho yo konfòmeman a plan jesyon dlo nan batiman an, jan ki aplikab.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo ranplase nenpòt sistèm tretman dlo jan sa nesèsè apre yo fin vide sistèm dlo batiman yo.
- Pou batiman ki te fèmen totalman yo, Antite ki Responsab yo ta dwe asire ke yo te retabli fonksyonman tout sistèm ak ekipman mekanik yo anvan yo retounen ouvri batiman an.

B. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- Pati Responsab yo dwe asire ke y'ap sèlman pèmèt anplwaye ak kliyan yo antre nan enstalasyon jwèt la si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; depi ke anplwaye oswa kliyan an kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa.
- Pati Responsab yo dwe asire ke kliyan yo kouvri figi yo yon fason akseptab tout tan lè yo nan enstalasyon jwèt la.
 - Jan sa mansyone pi wo a, kòm kouvèti figi ka poze risk sekirite, konfòmite, ak risk verifikasyon laj, e yo ka egzije tout kliyan yo pou yo bese kouvèti figi yo pou fè verifikasyon sa yo. Kliyan an dwe omwen a sis pye distans de tout lòt moun yo pandan tan sa a.
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Yon kantite ekipman pou kouvri vizaj ki adekwa, mask ak lòt PPE yo egzije yo ta dwe sou men pou si yon anplwaye bezwen yon ranplasman. Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte direktiv CDC a pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon figi an twal ak lòt kalite ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj.
 - Pran nòt yo p'ap konsidere kachnen an twal ni mask dispozab kòm bagay pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan lye travay ki enpoze yon degre pwoteksyon pi wo pou egzijans kouvri figi yo. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite espesifik, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
 - Antite ki Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije anplwaye pa yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. An plis, enstwiksyon sa a pa ta dwe anpeche okenn anplwaye mete pwòp kouvèti pou pwoteksyon pèsònèl yo (pa egzanp, mask chirijik, respiratè N95, oswa pwoteksyon pou figi yo). Antite ki Responsab yo ka mande anplwaye yo mete plis PPE pou pwoteksyon yo akòz modèl travay yo. Patwon yo dwe respekte tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), epi jete PPE yo, ki enkli men ki pa sèlman, mask ki apwopriye pou kouvri figi yo.

- Pati Responsab yo dwe enstale baryè fizik nan kaj kazino yo ak nan jwèt tab yo, ak ant machin jwèt endividyèl yo, lè enstalasyon sa yo pa a sis pye distans. Pati Responsab yo ta dwe konsidere enstale baryè sa yo menm lè enstalasyon yo distanse sosyalman, kote sa posib.
 - Jan yo sot mansyone anlè a, si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo (pa egzanp, glas ki epè oswa materyèl similè yo) konfòmman a [enstwiksyon OSHA yo](#).
- Pati Responsab yo dwe etabli mezi pou limite pataj objè, tankou ekipman ak veyikil ansanm ak touche sifas moun pataje, tankou ekran taktil yo; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè ak kliyan yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.

C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire aderans a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "[Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "[STOP THE SPREAD](#)" (SISPANN PWOPAGASYON AN), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Antite ki Responsab yo dwe bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, jan nou pral site la a:
 - Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papyè ke yo ka jete.
 - Pou dezenfektan pou men yo: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout enstalasyon jwèt la pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize (egzanp, nan antre yo, sòti yo, nan asansè yo, nan etaj jwèt yo, kaj yo, ak nan biwo sekirite/resepsyon yo). Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayzè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan etablisman jwèt la pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon etablisman jwèt la, omwen, sou yon baz chak jou ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan yo. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt souvan nan tout èdtan operasyon yo ak chak fwa sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ekipman oswa objè ki pataje ant kliyan ak/oswa anplwaye (pa egzanp, machin jwèt, kontwa pou machin jwèt yo) yo netwaye ak dezenfekte ant chak itilizatè oswa omwen chak kat èdtan.
 - Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan yo (egzanp, machin jwèt yo, kontwa pou machin santim yo) epi egzije anplwaye yo ak ankouraje kliyan yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.

- Pati Responsab yo dwe asire ke gen ase anplwaye ki disponib pou "siye" (sa vle di, netwaye ak dezenfekte) ekipman ant itilizatè yo, men Pati Responsab yo ka egzije pou kliyan yo siye ekipman anvan ak/oswa apre chak itilizasyon. Pati Responsab yo dwe bay kliyan yo opsyon pou mande pou netwaye ak dezenfekte machin santim ak lòt machin jwèt yo anvan yo itilize machin lan.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo regilyèman fè netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo. Yo dwe netwaye ak dezenfekte twalèt yo omwen chak de zèd tan, oswa pi souvan tou depan sou de frekans yo itilize yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke estasyon pataje yo (egzanp, kaj yo) yo netwaye ak dezenfekte yo ant itilizasyon pou chak anplwaye diferan.
- Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan sèvi avèk dezenfektan ki legal, ki gen ladan omwen osi souvan ke anplwaye yo chanje estasyon travay oswa deplase ale nan yon nouvo seri ekipman oswa zouti. Sèvi avèk lis pwodwi Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize ekipman sa a
- Pati Responsab yo dwe respekte pwotokòl netwayaj sa yo pou ekipman ak sifas nan jwèt tab yo:
 - Sa ki annapre yo dwe netwaye ak dezenfekte, oswa ranplase oswa jete, jan sa aplikab, anvan ou chanje kliyan/dilè k'ap jwe a jan sa apwopriye nan jwèt la: ray jwèt tab (yo), zòn chèz (yo), zo(de), bouton ouvè/fèmen (yo) ke dilè yo itilize, tir kat (card shoe), tèt jwèt woulèt (yo), bal (yo), ak dòli, domino Pai Gow, Limit vizyèl, inite Elo, aparèy ki pouse lajan, bwat gratifikasyon yo;
 - Yo dwe netwaye ak dezenfekte sa ki annapre yo, oswa ranplase oswa jete, jan sa aplikab, chak èdtan: Podyòm Chipper Champs, Pit & Pokè;
 - Sa ki annapre yo dwe netwaye ak dezenfekte, oswa ranplase oswa jete, jan sa aplikab, chak kat èdtan: machin ki bwase kat la, kat bakara yo rejte, resipyan kat blakjak yo rejte, sifas jwèt ki di, charyo;
 - Yo dwe retire jeton yo nan jwèt la apre yon kliyan pèdi yo oswa retounen yo bay dilè a oswa kesye, epi anplwaye kazino yo dwe netwaye ak dezenfekte yo, anvan yo resikle yo;
 - Dilè yo ta dwe sèlman distribye jeton ke kazino a netwaye ak dezenfekte epi ki pa ko an kontak ak kliyan yo;
 - Yo pa pèmèt jwèt ki enplike pase jeton ant kliyan ki pa kapab modifiye oswa ki pa modifiye pasaj jeton sa a;
 - Si sèvè yo oswa lòt anplwaye resevwa jeton kòm gratifikasyon, yo ta dwe imedyatman chanje jeton sa yo an jeton ki netwaye ak dezenfekte nan men dilè a oswa nan men kesye a; atènativman, si yon kliyan vle gratifye yon sèvè ak jeton, kliyan an ta dwe bay valè dilè a valè jeton li dezire, ki li menm pral bay sèvè a menm valè jeton ki netwaye ak dezenfekte;
 - Dilè yo dwe mande pou kliyan yo sèvi ak dezenfektan men anvan yo rantre nan yon jwèt; epi
 - Yo dwe netwaye tout lòt ekipman nan entèval ki dekri nan konsèy sa a.
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè si yon moun konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak

sifas moun touche anpil (egzanp, asansè, objè pataje yo, zòn antre nan batiman yo, eskanè badj, twalèt yo, men kourant, manch pòt yo, distribitè otomatik, estasyon kafe kominal yo).

- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 jan sa ye anba a:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Tanpri ale li "[Konsèy Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k'ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Ekpozisyon ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch"
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Kote sa posib e pratik, Pati Responsab yo ta dwe mete kouvèti chèz sou chèz an twal oswa lòt chèz ki ka pi difisil pou netwaye ak dezenfekte. Yo ta dwe netwaye kouvèti chèz sa yo apre itilizasyon oswa chak kat èdtan o minimòm.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje ant anplwaye yo (egzanp, sèvi tèt yo manje ak bwason), ankouraje anplwaye yo pote manje ki sot lakay yo oswa bay anplwaye yo manje ak bwason endividyèl, e rezève ase espas adekwa – nan etaj jwèt la – pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan y'ap manje repa yo.

D. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyònman yo

kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab yo dwe panse a limite kantite anplwaye, lè, ak kantite kliyan ki disponib pou sèvi yo lè yo fèk re-ouvè pou bay fonksyònman an kapasite ajiste a chanjman yo.

E. Plan Kominikasyon

- Antite ki Responsab yo dwe bay deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstwiksyon ke Eta a te pase yo, epi ke yo pral mete yo sou pye.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan yo ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen konsistan pou bay anplwaye yo enfòmasyon.

Antite ki Responsab yo ka konsidere devlopman paj entènèt yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak rezo sosyo.

- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a komunikasyon pale ak panno.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan ak deyò batiman an pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS YO

A. Evalyasyon ak Tès yo

- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou pou anplwaye, epi lè sa posib, pou antrepriz ak founisè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyans yo ak pèsonèl livrezon an.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan moun yo prezante nan etablisman jwèt la nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche moun yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
 - Ominimòm, depistaj la dwe obligatwa pou tout anplwaye epi, lè sa posib, antreprenè ak vandè yo, epi fèt gras a yon kesyonè k'ap detèmine si moun nan:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentom COVID-19 la;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo;
 - (c) santi nenpòt nan sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo; ak
 - (d) te vwayaje nan yon eta ki gen gwo pwopagasyon kominotè COVID-19 pandan plis pase 24 èdtan nan 14 dènye jou yo.
- Refere nou a enstwiksyon CDC pase nan "[Sentom Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) yo pou kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sentom ki asosye ak COVID-19 yo.
- Gade [konsèy vwayaj](#) DOH la pou enfòmasyon ki pi resan sou eta yo ki gen gwo pwopagasyon COVID-19 ak egzijans karantèn yo.
- Pratik Depistaj yo enkli:
 - Si konfigirasyon espas ak batiman pèmèt, depiste moun yo ki nan oswa tou pre antre batiman an pou minimize enpak la nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime COVID-19 la.
 - Pèmèt distans sosyal adekwa pandan ke moun yo nan liy pou tès depistaj ak/oswa nan antre batiman an.
 - Admèt sèlman anplwaye ki te fè tès depistaj swa adistans oswa lè yo rive.
 - Si yo fè tchèk tanperati yo, itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre batiman yo pou idantifye moun ki kapab gen sentòm yo epi mennnen yo nan yon zòn tès depistaj segondè pou konplete

yon tès depistaj swivi. Si li pa posib oswa si li pa fezab, yo ka fè yon tchèk tanperati lè yo sèvi avèk tèmomèt san kontak yo.

- Pati responsab yo pa ka egzije kliyan yo fè depistaj sante oswa enfòmasyon kontak pou trasaj kontak men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa. Pati Responsab yo ka bay yon kliyan yo yon mwayen pou bay enfòmasyon kontak pou mete yo nan jounal epi kontakte yo pou rechèch kontak, si sa nesèsè.
 - Pati Responsab yo ka egzije kliyan yo bay enfòmasyon idantifikasyon oswa detay sou kontak si idantifikasyon an nesèsè pou pèsonèl sekirite a oswa pou anplwaye yo nan enstalasyon jwèt la verifye laj ak si yo gen pèmasyon pou antre nan kazino a.
- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis de kesyonè despistaj la, verifikasyon tanperati ka fèt tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante anplwaye yo (egzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj epi rezilta tès depistaj sa yo (eg, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a moun yo ki enfekte k'ap antre nan etablisman jwèt la. Pèsonèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki familyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
- Moun k'ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kouvèti vizaj oswa mask ki akseptab, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.
- Yon moun ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo dwe pa gen aksè pou antre nan etablisman jwèt la epi yo dwe voye anplwaye ki teste pozitif la lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la.
- Antite ki Responsab yo ta dwe refere yo "Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke anplwaye a te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.
- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon pwen kontak, ki ka varye selon aktivite, lokal, orè oswa jou, ki responsab pou resevwa epi ateste ke yo te revize tout repons kesyonè depistaj yo, epi yo dwe idantifye kontak sa tou kòm antite pou moun yo enfòm si pi devan yo vin santi sentom ki gen rapò ak COVID-19 yo, jan yo make nan kesyonè depistaj la.
 - Pwen kontak yo idantifye a pou etablisman jwèt la dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.

- Pati Responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè Plan Sekirite Espas la.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon jounal tout moun, sa gen ladan anplwaye yo, antreprenè yo ak vandè yo, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan enstalasyon jwèt la; san konte kliyan ak livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan lye travay yo a mete yo okouran yon rezilta tèst COVID-19 pozitif pa yon moun nan etablisman jwèt pa yo.
- Nan ka yon moun ki te rantre nan enstalasyon jwèt la teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante lokal jan yo egzije pou trase tout kontak nan enstalasyon jwèt la epi alète depatman sante lokal de tout anplwaye, antreprenè, vandè ki anrejistre, ak kliyan ak pèsònèl livrezon yo (jan sa aplikab) ki te antre nan enstalasyon jwèt la nan dat 48 èdtan avan moun lan te kòmanse santi sentòm COVID-19 la oswa anvan li te teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Nan ka yon moun ki montre sentòm pandan li nan enstalasyon jwèt la, Pati ki Responsab yo dwe notifiye moun yo nan zòn ki ozalantou a yo oswa ki te ka te afekte imedyatman avèk enfòmasyon sou kote moun nan te ye nan tout enstalasyon jwèt la epi avize yo si moun nan ki gen sentòm yo teste pozitif.
- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere ofri yon metòd pou kliyan yo pou patisipe nan yon pwogram trasaj kontak, jan sa posib (egzanp, patisipe lè y'ap antre nan enstalasyon jwèt la, oswa enskri lè yo itilize yon pwogram fidelite).

IV. PLAN PATWON YO

Antite ki Responsab yo dwe poste byen klè plan sekirite konplè yo nan espas etablisman yo pou anplwaye yo. Eta a te mete disponib yon modèl plan sekirite reyouvèti biznis yo pou ka gide pwopriyete ak operatè biznis yo nan devlopman plan pou pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Konsideasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo pou Operasyon Kazino ak Jwèt yo
 Sit Entènèt Epidemikowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Wèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay COVID-19 la
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan lyen ki anba la a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmeman a enstwiksyon sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>